# ASPANTAY KANALÍNDA QAZÍW JUMÍSLARÍ ALÍP BARÍLMAQTA

Bozataw rayonında suw resurslarınan nátiyjeli paydalanıwdı shólkemlestiriw maqsetinde "Aspantay” xojalıqlararalıq kanalınıń 25,2 kilometrin 2021-2023 jıllarda rekonstrukciya jumısların alıp barıw rejelestirilgen bolıp jámi 9000 mln.so'm so'm sonnan; 2021 jılǵa 500  mln.so'm, 2022 jılǵa 2 mlrd 670 mln.so'm, 2023-jılǵa 5 mlrd 380 mln.so'm qarjı ajıratılıwı belgilengen.




Usıǵan tiykarlanıp,  “UzGIP” JShJ Qaraqalpaqstan sıńar kárxanası tárepinen joybar smetası islenip ekspertizadan ótkerilgen  (joybar smetası 11 mlrd  242 mln.so'mdı quradı) bolıp, rekonstrukciya jumısları “Kegeylimaxsussuvpudrat” JShJ tárepinen kim astı sawdasınan utıp alındı. 1 mlrd 89 mln.so'm qarjı esabınan 1,8  km aralıqta rekonstrukciya jumısların alıp barıw rejelestirilgen.

Búgingi kúnde bolsa ámelde 2 km aralıqta qazıw, tazalaw jumısları alıp barılmaqta.

**Bozataw rayonı hákimliginiń Málimleme xızmeti**